

# ***AMASHURI YA KNOX COUNTY***

***Department ya Programa za Leta  
Igitabo c'abavyeyi***

***2021-22***



***"Kuguma gukorana n 'abavyeyi"***

# Urutonde rw'ibirimwo

## Ibiri muri Programa ya Lata

- Amashuri ari muri Programa za Leta muri 2020-21
- Department ya Programa za Leta
- Komite y'ikigo c'ishuri
- Uburenganzira bwabo abavyeyi bakwiriye kumenya

## Gukorana n'abavyeyi n'imiryango

- Amategeko y'ukugene amashuri ya Knox County akorana n'abavyeyi
- Ingingo zo gukorana n'abavyeyi muri Tennessee
- Ibintu cumi vy' ukuri mu gukorana n'abavyeyi

## Ibintu rusange vyo kumenya

- Uburyo bwo gusobanura no kurega
- Ikete y'abavyeyi ku mashuri n'umutekano muke

## Impanuro ku Bavyeyi

- Impanuro zo Gusoma
- Impanuro mu Biharuro
- Twokorana gute
- Inama z'umuyeyi na mwarimu
- Guteza imbere uburyo bwiza bwo kwiga
- Gucunga umutekano w'umwana wawe
- Ukuntu twofasha umwana wawe kuguma yumva ko yiyizeye

## **IBIRI MURI PROGRAMA ZA LETA**

### **Ibintu biri muri Programa za Leta**

Ingingo nyamukuru ya Department ya Programa za Leta n'ukumenya neza ko abana bose bafatwa neza kandi kimwe mukubona uburyo bunogeye bwo kwiga kandi bagashobora kubona amanota ahagije yo gutsinda mu bibazo vyose bitangwa na state. Ibi bishobora kugegwako gutya:

- (1) Kumenya neza ko ibibazo babazwa biri mu rwego rwiza, ko sisiteme ikoreshwa ari nziza, ko abarimu bategura ivyigwa neza kandi baja mu mahugugwa, programa bakurikiza ari nyayo, kandi ko abaririmu, abavyeyi n'abayobozi bakurikirana uko abanyeshuri biga nuko batera baja imbere hakurikijwe ivyo bategetswe gushikako.
- (2) Gusubiza ibibazo vy'amashuri yigamwo abana b'abakene cane bo mu gihugu cacu, abanyeshuri bataramenya ikingereza neza, abana baguma bimuka, abana bafise ubumuga, abana bakavukire bita Indian children, abana badafise ababitako, abana b'inzererezi, hamwe n'abana bato bakeneye ubufasha mu kwiga gusoma;
- (3) Gukuramwo itandukaniro hagati y'abana babona amota makeya n'abana babona amanota menshi, na cane cane hagati y'abana batari abera (minority) n'abana bera (nonminority), canke hagati y'abana bafise ubukene canke ibindi bibazo ubagereraniye n'abandi bana bakize bameze neza ata bibazo bafise:
- (4) Kumvisha amashuri, ama agansi yigisha, na state ko aribo bashinjwe guteza imbere ugutsinda kw'abanyeshuri bose, no gukurikirana amashuri abanyeshuri babona amanota makeya kubera ko batigishije abanyeshuri neza, baha uburyo bwiza bunogeye abo banyeshuri muri ayo mashuri butuma baronka inyigisho nziza ziri mu rugero rwiza;
- (5) Guhitamwo ibikoresho no kubitanga neza ku buryo bunogeye batandukanya ama agensi yigisha n'amashuri ashobora kuba abikeneye cane kurusha abandi;
- (6) Gutera imbere no kongera umwete mu gukora, kwigisha, no kwiga hakwirikijwe uburyo bwa sisiteme ya state yokubaza kugira ngo umuntu amenye neza ko abanyeshuri bari kugera kuvyo state itegeka kugerako mw'ishuri no mu vyigwa, no kongera abamenya muri rusange, na cane cane abana bafise utubazo n'ubukene;
- (7) Gushiraho abategetsi bafata ivyemezo vyiza kandi biboneye ku mashuri hamwe n'abarimu bita ku murimo bashinzwe, ivyo bigatuma umunyeshuri atsinde neza;
- (8) Guha abana ama programa arimwo ibintu vyinshi vyiza kandi atuma batera imbere vuba, bakoresheje Programa z'amashuri canke ubundi buryo butuma bongerako igihe co kwigisha no kunonosora uburyo bwo kwigisha;
- (9) Kuvugurura imyigishirize mu mashuri yose no kumenya neza ko umwana wese ashobora kubona inyigisho yo gukarisha ubwenge hakurikije uburyo bwiza bwo kwigisha, n'ivyigwa vy'ishuri biri mu rugero rwiza bituma umwana atera imbere;
- (10) Guteza imbere uburyo bwo kwigisha hatangwa uburyo buboneye ku bakozi bwo kwihugura mu mirimo yabo bashinzwe;
- (11) Guhuriza hamwe imirimo yose ikogwa mu bice vyose vy'amashuri ya Leta bita Title I, hamwe n'izindi nzego z'imirimo zo kwigisha, kandi bishobotse, kwifatanya n'ayandi ma agensi afasha uruvyiruko, abana, n'imiryango, hamwe;
- (12) No guha abavyeyi uburyo bunogeye bwiza bwo kwifatanya n'abigisha mu ndero z'abana babo.

Aho vyavuye: <http://www2.ed.gov/policy/elsec/leg/esea02/pg1.html>

## AMASHURI YA KNOX COUNTY ARI MURI PROGRAMA ZA LETA MURI 2021-22

AMASHURI YA KCS	ABARONGOZI	IFONI	ADRESI
Adrian Burnett Elementary	Michelle Wolfenbarger	689-1474	4521 Brown Gap Rd
Austin-East High	Tammi Campbell	594-3792	2800 Martin L King Ave
Beaumont Magnet Elementary	Windy Clayton	594-1272	1211 Beaumont Ave
Belle Morris Elementary	Terry Lynn Hursey	594-1277	2308 Washington Pike
Chilhowee Intermediate	Emily Jellicorse	933-3426	5005 Asheville Hwy
Christenberry Elementary	Melissa Johnson	594-8500	927 Oglewood Ave
Dogwood Elementary	Lana Shelton Lowe	579-5677	705 Tipton Ave
East Knox County Elementary	Kristi Woods	933-3493	9315 Rutledge Pike
Emerald Academy	Lauren Moore	249-7223	220 Carrick St.
Fair Garden Community Center	Tara Spikes	594-1320	400 Fern St
Fulton High	Seth Smith	594-1240	2509 N Broadway
Green Magnet Elementary	Jessica Holman	594-1324	801 Townview Dr
Holston Middle	Katie Lutton	594-1300	600 Chilhowee Dr.
Inskip Elementary	Lynn Jacomen	689-1450	4701 High School Rd
Lonsdale Elementary	April Partin	594-1330	1317 Louisiana Rd
Maynard Elementary	Shaunna Foster	594-1333	737 College St
Mooreland Heights Elementary	Brandi Self	579-2105	5315 Magazine Rd
Northwest Middle	Joann Bost	594-1345	5301 Pleasant Ridge Rd
Norwood Elementary	Robyn Ellis	689-1460	1909 Merchant Dr
Dr. Paul L Kelley Volunteer Academy	Jennifer Garrett	362- 6801	535 Chickamauga Ave.
Pond Gap Elementary	Trina Bruns	909-9040	1400 Hollywood Dr
Richard Yoakley	Michelle Clayton	594-3790	4415 Washington Pike
Ridgedale Alternative	Kristi Phillips	909-9099	4600 Ridgedale Road
Sam E. Hill Pre-K	Wendy Laman	594-3632	1725 Delaware Ave
Sarah Moore Greene Magnet Elementary	Robin Curry	594-1328	3001 Brooks Rd
South-Doyle Middle	Anthony Norris	579-2133	3900 Decatur Rd
South-Doyle High	Tim Berry	577-4475	2020 Tipton Station Road
South Knoxville Elementary	Dr. Tanna Nicely	579-2100	801 Sevier Ave
Spring Hill Elementary	Denise Cross	594-1365	4711 Mildred Dr
Sunnyview Primary	Sydney Upton	594-1173	412 Bagwell Lane
Vine Magnet Middle	Desiree Jones	594-4461	1807 Martin L King Jr
West Haven Elementary	Carl Whipple	594-4467	3620 Sisk Rd
West View Elementary	Dr. Amy Brace	594-4471	1714 Mingle Ave
Whittle Springs Middle	Daniel Champion	594-4474	2700 White Oak Ln
AMASHURI YIGEMGA			
Annoor Academy	Reem Abdelrazek	525-3399	724 Foxvue Road
First Lutheran	Jessie Irwin	524-0308	1207 North Broadway
Sacred Heart Cathedral School	Joan Tuberville	588-0415	711 Northshore Drive
St Joseph School	Andy Zengel	689-3424	1810 Howard Rd
Stanford Eisenberg Jewish Day School	Ann Ely	560-9922	1529 Downtown West Boulevard

## **Department ya Programa za Leta**

Cheryl Martin	Director
Sherry Smith	Supervisor
Judy Pickering	Supervisor
Ruth Ann Kirk	Supervisor
Suzie Helms	Accountant
Jessica Patterson	Specialist
Chris Stinnett	Technician

## **KOMITE Y'IKIGO C'ISHURI canke SCHOOL WIDE SCHOOL COMMITTEE (SWSC)**

Amashuri yose ya KCS aronka infashanyo ya Leta muri rusange yose afise programa imwe. Izi programa zizokoresha infashanyo za leta, za state, nizo mu karere mu guteza imbere amashuri muvuyubwenge nkuko vyavuzwe mu nteguro yo gutera imbere kw'amashuri. Kubera ko program ari imwe mu mashuri yose, ntibikenewe gucagura abanyeshuri bashobora kuyijamwo. Amashuri azokoresha uburyo basanganywe mu kumenya ingorane z'ivyigwa abanyeshuri bagira, no gukurikirana ukuntu abanyeshuri batera baja imbere.

Bimwe mu vyo uwurongora ishuri (Principal) ashinzwe:

- Kuja mu nama zose z'ama programa ya Leta.
- Guhitamwo abagize komite y'amashuri baserukira abantu bose.
- Kuyobora ateza imbere kandi ashira mu bikogwa ingingo zose z'ishuri, kandi agashira hamwe ibintu vyose bikenewe kw'ishuri, akaraba nuko ama programa yashinzwe akwirikizwa neza, agatoranya kandi agaha akazi abakozi muri izo programa c'ishuri.
- Gukoresha Programa za Leta bisaba gusubiramwo impapuro zo gusaba zanditswe no kugira ivyemezo bijana nazo no kwemeregwa ibikoresho, ibikenewe vyose mw'ishuri n'ihugugwa ry'abakozi.
- Gukora canke gufasha gukora urutonde rw'inama za komite z'ikigo c'ishuri.
- Kuyobora abavyeyi n'imiryango mu mirimo yose bakorana ku kigo.
- Gusubiza ku buryo bwiza impapuro n'ibindi bintu vyose bituruka mu bureau vya Departement ya programa za Leta.
- Kumenya neza ko impapuro zose zisabwa na Dept ya programa za Leta ziri mu rutonde rwiza kandi rubereye neza kubazozo kusuzuma uko imirimo ikogwa.
- Kubwira umuyobozi ubushinzwe (Supervisor) wa Title I igihe naho inama ya SWSC ibera.

Bimwe mu vyo abagize Komite y'ishuri (SWSC) bashinzwe:

- Kuja mu nama zose za komite y'ishuri, no gushira umukono ku mpapuro rubigenewe.
- Gutanga inama hamwe n'ibikenewe gukogwa muri komite
- Gukorero abo baserukira icegeranyo c' ivyavuzwe hamwe n'ivyemezo vyafashwe mu nama za komite.
- Gufasha kwandika ivyo bateganywa gukora mu mashuri.

## **ITANGAZO KU BAVYEYI** **Under the Elementary and Secondary Education Act (ESEA)** **(Mu mashuri mato n'ayisumbuye)**

Itegeko (Act) ry'amashuri matoya (Elementary) n'amashuri yisumbuye (Secondary Education) ariryo bita ESEA, nkuko ryashizweho mu kwa cumi n'abiri, 2015( Dec.2015), rishizweho na " the Every Student Succeeds Act (ESSA) bisobanura ko umunyeshuri wese agomba gutisnda, birumvikana neza ko inama ishingira amategeko (Congress), yizera ko ama agensi yo kwigisha bita Local educational agencies (LEAs) n'amashuri abona imfashanyo ya Leta, bita kukumenya neza ko abavyeyi bazi ibikoregwa mu ma mashuri kandi bafatanyaga n'amashuri mu ndero y'abana babo. Amategeko asaba amashuri kubwira abavyeyi ibintu vyose bitandukanye bibera kw'ishuri mu buryo bumwe kandi bwumvikana kuri bese, bishobotse bigakogwa mu rurimi abavyeyi bumva. Murabona aha hakwirikira, bimwe muvuye abavyeyi bagomba kumenya biturutse muri district canke mu mashuri ya leta.

### **Ubumenyi bw'umwarimu n'ubushobozi bwo hejuru bw'abarimu**

Igihe cose mu ntango z'umwaka, LEA (arico kigo c'ishuri) kibwira abavyeyi ivyo bagomba gusaba, hanyuma LEA igomba gutanga ivyo basaba, n'ukuvuga cane cane ko abigisha n'abakozi bakoresha ari bashoboye, ko bafise n'ubumenyi bukwiye. Ibi bivugwa ko bababwira nimba umwarimu w'umwana wawe:

- 1) Yarujije ivyo state isaba vyose hamwe na licence yo kwigisha uwo mwaka w'ishuri hamwe n'ivyigwa bitangwa muri iryo shuri;
- 2) Nimba uwuri kwigisha kubera ko hari impamvu zihutigwa canke vy'agateganyo, state igomba kwemeza ko yirengagije impamyabumenyi na licence yo kwigisha vyawe kubera ari impamvu zihutigwa;
- 3) Nimba ari kwigisha ivyigwa atigiye kandi atabonyemwo impamyabushobozi; kandi
- 4) Nimba yigisha nkuwusimbura, agomba kugira impamyabushobozi yavyo, [ESSA § 1112(e)(1)(A)].

### **Ibanga ry'umuyeshuri**

Ubutegetsi bw'akarere (Districts) bugomba kubwira abavyeyi uko umwaka utanguye, igihe n'amatariki bateganya kuzokora ibi bikwirikira:

- ✓ Imirimo irimwo gushira hamwe canke kuvuga ibiranga umunyeshuri mu buryo bwo gukwiza canke guteza imbere ikintu;
- ✓ Ibintu babazwa abantu bese ariko bikaba bisaba gutanga ivyangombwa biranga umuntu; hamwe
- ✓ N'ikintu cose kidafise impamvu yihutigwa, canke ibipimo vyinshi bikenewe kugira umwana yige, vyaba ibitangwa n'ishuri, vyaba ivyo musabira rendez vous, n'ukuvuga ibintu vyose bidakenewe ngo bikingire umwana ako kanya.

Ubutegetsi bw'akarere bugomba gutegura bugashiraho amategeko aha uburenganzira abavyeyi bwo kugenzura:

- ✓ Ko ibintu vyose bibazwa abanyeshuri ko bigomba guhabwa urwego rwa gatatu rubigenzura mbere yo kubibaha;
- ✓ Ko hari uburyo bwo gukingira umunyeshuri igihe ivyo babaza bisaba ibintu bimwerekeye, nk'ibintu vy'ibanga vyo ku giti ciwe;
- ✓ Ikintu cose kijanye n'ivyo kwigisha;
- ✓ Ikintu cose kijanye no gusuzuma umubiri wiwe canke ibindi bipimo vy'abanyeshuri;
- ✓ Ikintu cose gisaba gukoresha canke kuvuga ibiranga umunyeshuri mu buryo bwo gucuruza canke guteza imbere ikintu; hamwe
- ✓ N'uguha uburenganzira abavyeyi bwo gusuzuma ibintu vyose bakoresha mu kubaza abanyeshuri ibiberekeye mbere yuko babikoresha.

Ubutegetsi bw' uturere (Districts) bugomba kumenyeshya abavyeyi mu gihe gihagije nimba bemeje canke bakomeje gukoresha ayo mategeko nyuma yuko hari icahinduwe [20 U.S.C. 1232g].

### **Gutangaza muri rusange ibiri mu gitabo c'urutonde rw'abanyeshuri (Student directory)**

Mw'itegeko riraba uburenganzira n'ibanga ry'imiryango bita, Family Education Rights and Privacy Act (FERPA), ishuri (LEA) rigomba kumenyesha abavyeyi ubwoko bw'ibintu bagomba kuvuga k'umwana wabo muri ruhame. Ubwo bwoko bw'ivyo bintu biraba umunyeshuri nivyo bita "directory information", haba harimwo, amazina, aho aba, numero z'itelefoni, kandi ibi vyose ni'ibisazwe ntaco bitwaye canke vyica mu kubitanga. Ariko hagomba rero urupapuro rw'umunyeshuri rusobanura ko batagomba kubitanga atabanje kubandikira ngo abaha uruhusha rwo kubikoresha.

Icongeye kuri iri tegeko rya ESSA (ko umwana wese agomba gutsinda), abavyeyi bagomba kumenya ko ishuri risanzwe ritanga amazina, aho baba, na telefones vy'abana iyo abasoda babisavye baje gucagura abanyeshuri, Ariyo mpamvu abavyeyi babo bagomba kubisaba ngo ntibabitange batabahaye uburenganzira bwanditse [*§8025*].

Urwandiko rumwe ruciye mw'i posta, canke mu gitabo c'umunyeshuri, canke ubundi buryo bwose, biba bihagije kugira abavyeyi bamenye ko amategeko yose arabana na FERPA na ESSA yakurikijwe. Abavyeyi bagomba kumenyeshwa ukuntu bashobora kwanka ko ibirabana n' umwana wabo bitabwigwa abantu bose, n'uburyo bagomba kubikora hamwe n'igihe ciza umuntu agomba kubikorera [*20 U.S.C. 1232g*] [*ESEA §8025*].

### **Abacagura abasoda barabona ibiranga umunyeshuri**

Ubutegetsi bw'akarere (Districts) bubona amafranga ya leta busabwa kubwira abavyeyi b'abanyeshuri bari mu mashuri yisumbuye ko bafise uburenganzira bwo gusaba ko amazina, aho baba, na telefoni vy'umwana batagomba kubihira abasoda baza gucagura batabanje kubona icemezo candidse gitanzwe n'abavyeyi. Districts zigomba kubahiriza ico umunyeshuri yasavye [*ESEA §8528(a)(2)(B)*].

### **Gukorana n'abavyeyi n'imiryango**

Akarere k'amashuri ka Title I , nukuvuga karonka imfashanyo ya Leta, kagomba gukorera hamwe, kakemezanya hamwe, kagaha n'abavyeyi n'abagize imiryango y'abana biga , itegeko rwanditse rirabana n'ukuntu abavyeyi n'imiryango bikorana n'amashuri. Ishuri ryose riri muri Title I rigomba gukorana nabo, kwemeranya nabo, no guha abavyeyi itegeko ryanditse ryo gukorana n'abavyeyi n'imiryango bafise abana muri ityo shuri. Nimba ishuri ku giti caryo, canke District, rifise itegeko ryabo ryo gukorana n'abavyeyi n'imiryango riraba bose, rigomba kwemeza ko iryo tegeko ryubahiriza ibisabwa muri ESEA (amashuri matoya n'ayisumbuye) [*ESEA Title I, Part A, §1116(a)(2)*] [*20 U.S.C. §6318(b); (c)*].

Abavyeyi bagomba kumenyeshwa iryo tegeko mu buryo bumwe kandi busobanutse neza, kandi bishobotse vyakogwa mu rurimi abavyeyi bumva neza. Itegeko nkiryo rigomba guhabwa abagize kominote kandi rikaja rivugurugwa uko ibintu abavyeyi n'ishuri bakenera bigenda bihinduka. [*ESEA Title I, Part A, §1116(b)(1)*].

Amashuri ategerezwa:

- ✓ Gukora nibura inama imwe mu mwaka ku bavyeyi bari muri Title I;
- ✓ Gutanga inama zitandukanye kugira bashobore guhitamwo ;
- ✓ Gukorana n'abavyeyi n'imiryango mu buryo buhoraho mu gutegura, mu kwihweza, no mu guteza imbere programa ya Title I;
- ✓ Kumenyeshya abavyeyi n'imiryango bari muri Title I, ibijane na za programa zigezweko, kubabwira no kubasobanurira ibiri muri izo Programa, impapuro n'ibibazo, n'urwego bateganya ko abanyeshuri bagomba gushikako muri izo programa ;
- ✓ Nimba babisavye, n'uguha uburyo abavyeyi bwo kuja baza mu nama kugira ngo muvugane ibijanye n'ukuntu abana babo biga ; hamwe
- ✓ No gutegura ikusanyo ry'umunyeshuri n'ishuri ririmo ico umwe wese ashinzwe kugira ngo umunyeshuri atere aja imbere mu vyigwa [*ESEA Title I, Part A, §1116(c)*].

### **Impapuro z'amanota ( Report Cards) ku bibazo vya state**

Ishuri ryose ryo mukarere ribona imfashanyo ya Title I, Part A rigomba gutegura no gutanga urupapuro rw'amanota y'umwaka. Mu bisanzwe, State na District zigomba gushira k'urupapuro rw'amanota rwabo ibirabana n' ukuntu umunyeshuri wo mw'ishuri rya leta atsinda, ukuntu akurikira, ubumenyi bw'abarimu, n'ibindi vyose bisabwa gutangwa, hamwe n'ibindi vyose district ibona ko bikenewe.

Izi mpapuro z'amanota (report cards) zigomba gukugwa neza, kandi zikandikwa mu buryo bumwe kandi bwumvikana neza no ku bantu bafise ubumuga, bishobotse bigakogwa mu rurimi abavyeyi bumva. Muri

Tennessee, **ibi bisabwa bigaragarira ku mpapuro z’amanota za state** [ESEA Title I, Part A, §1111(h)(1) and (h)(2)].

### **Gutsinda ibibazo vya State**

Amashuri yose agomba guha abavyeyi, abarimu, n’abayobozi raporo ku munyeshuri isobanura, ikerekana ikintu cose uko kimeze, bigatuma bashobora gusobanukigwa igikenewe cose mukwigisha bakakibonera igisubizo, kandi bagashiramwo n’ukuntu umunyeshure yakoze mu bibazo vya state bitangwa kugira bamenye aho umunyeshuri ahagaze [ESEA §1111(b)(2)(B)(x)].

### **Ibibazo vya Leta vyo kuraba iterambere mu kwigisha**

Ama Districts, amashuri, n’abanyeshuri basabwa kugira ubugombe no kwemera gukora ico kibazo ca Leta co gupima uko kwigisha bitera bija imbere, bavyita National Assessment of Educational Progress (NAEP). Abavyeyi b’abana bahisemwo ngo bazokore ico kibazo, bagomba kubimenyeshwa hakiri kare bataragitanga, bakamenya ko abana bashobora kwemeregwa kutagikora igihe batabishaka, kandi ko atari ngombwa kukirangiza nimba wagitanguye, ikindi ko atari ngombwa gusubiza ikibazo cose. District igomba kumvisha abavyeyi n’abandi bantu bose ko bafise uburenganzira bwo kuraba ivyo babajije abana (uretse ibibazo bijanye n’umwirondoro), nk’ibibazo vyose n’ibikoresho bakoresha [ESEA Title VI, Part C, §411(c)(1); (d)(1)–(2)].

### **Ama Programa y’ishuri**

Ishuri ryose rikoresha iyo programa rigomba kumenyesha abavyeyi n’abandi bantu bose bafisemwo abana ivyo bateganya gukora. Ibintu vyose biri muriyo nteguro, bigomba gukogwa kimwe mu buryo bwunvikana, kandi bishobotse, mu rurimi abavyeyi basobanukiwe [20 U.S.C. §6314] [ESEA Title I, Part A, §1114].

### **Programa z’abiga ikingereza**

Ishuri ryose ryo mu karere rikoresha imfashanyo ya Leta muri programa yo kwigisha abiga ikingera, rigomba kubimenyesha abavyeyi b’ umwana wese akurikira iyo programa canke abana bashizemwo, bitarenze iminsi 30 amashuri atanguye:

- ✓ Impamvu bashize uwo mwana muri iyo programa nk’umuntu yiga ikingereza;
- ✓ Urwego rw’umwana ariko mu kuvuga ikingereza;
- ✓ Ukugene bamushize kuri urwo rwego hamwe n’ukuntu uwo mwana akora mw’ishuri;
- ✓ Uburyo bwo kwigisha bakoresha muriyo programa umwana arimwo n’uburyo bakoresha mu zindi programa zihari;
- ✓ Ni gute iyo programa izojana n’ubushobozi bw’ umwana mu kwiga kand ikamufasha mu vyo akeneye kumenya;
- ✓ Ni gute iyo programa izofasha umwana mu kwiga ikingereza mu buryo buboneka kandi bujanye n’ inyigisho yo mu myaka yiwe kugira ngo ashobore kugera ahateganijwe kandi atsinde;
- ✓ Ukuntu ashobora kuva muri programa yujuje ivyagombwa bisabwa;
- ✓ Mu bijanye n’umwana afise ubumuga, ni gute umwana agera kuvyo bamuteganiyiriza muri IEP ((kumwigisha bamufashe ku giti ciwe); hamwe
- ✓ No kumenyesha abavyeyi uburenganzira bwabo bubaha ububasha bwo kuvana umwana ako kanya muriyo programa igihe babisavye, nkuko kandi abavyeyi bafise uburenganzira bwo kwanka gushira umwana muri iyo programa canke agatora iyindi programa muzihari canke ubundi buryo bwo kwiga.

Ku mwana batashoboye gushira muri programa y’ikingereza mbere yuko ishuri ritangura, ubuyobozi bw’akarere bugomba kubibwira abavyeyi mu ndwi zibiri zitangura, ko umwana bamushize muri iyo programa [ESEA Title I, Part A, §1112].

### **Abana batagira aho baba**

Kugira ngo umuntu yemeregwe gufashwa na MCKinney-Vento funds, ishuri rigomba guha urwandiko umuvyeyi canke umurezi canke umwana ari wenyene, igihe umwana ariko yiyandikisha mw’ishuri, hanyuma nibura kabiri mu mwaka iyo umwana ari kwiga mw’ ishuri, hanyuma urwo rwandiko rugomba gushirwako umukono n’umuvyeyi, umurezi canke uwo mwana ari wenyene; hanyuma bikabaha ubu burenganzira bukurikira:

- ✓ Guhitamwo amashuri abana batagira aho baba bemerewe kwigamwo;



- ✓ Ko ata mwana afise aho aba basaba kwiga mw'ishuri ritandukanye n'abana badafise aho baba;
- ✓ Ko abana batagira aho baba bazofatwa kimwe n'abandi, nko kubona imodaka ibajana kw'ishuri, kwigishwa nk'abandi, no gufungura, kandi
- ✓ Ko abana batagira aho baba batagomba kuvangugwa n'abakozi b'ishuri.

Nimba district irungitse umwana atagira aho aba kwiga ku rindi shuri atatanguyemwo canke mw'ishuri abavyeyi canke abarezi biwe basavye, district isabwe guha abavyeyi urwandiko rubisobanura, harimwo n'uburenganzira bwabo bwo kujurira ico cemezo. Niyo hatabaye kumvikana mu gutora ishuri, abavyeyi bagomba kubimenya [ESSA Title IX, Part C, §722(g)(3)(B)].

Umuntu wese avuganira abana canke abasore batagira aho baba kuri ayo mashuri ya LEA, agomba kumenya neza ko abavyeyi canke abo basore bari bonyene, ko bazi neza ibijane n'imyigishirize yabo n'uburyo buhari bwose abo bana bashobora kubona, kandi ko bemerewe gufatanya nabo mu ndero y'aban babo [ESSA Title IX, Part C, §722(g)(6)(A)(iv)].

Itagazo rya Leta rijane n'uburenganzira bwo kwiga bw'abana batagira aho baba rikwizwa hose iyo abo bana n'abo basore baronka imfashanyo ya MCKinney-Vento Act, ku mashuri, ku mazu babamwo vy'agateganyo, naho barira ubuntu [ESSA Title X, Part C, §722(g)(6)(A)(v)].

### **Ibigo vyigisha mbere canke nyuma y'ishuri bita 21<sup>st</sup> Century Community Learning Center**

Program canke imirimo yatangujwe nka 21<sup>st</sup> Century Community Lerner Center, ni programa ifasha abana mbere canke nyuma y'amashuri, kugira ngo ifashe abana gutera imbere mu vyo biga kandi hagomba kuja hakogwa ibibazo (evaluation) kenshi kugira ngo barabe uko iteza imbere abana ngo bashike kuvyo bategerezwe kugerako. Ivyo babonye muri ivyo bibazo bigomba gutangwa muri rusange igihe bavyatse n'urupapuro rwemeza ko vyatanzwe [ESEA §4205(b)(2)].

### **Gusaba gusonegwa**

Nimba hari district y'amashuri iri gusaba umukarani w'amashuri ya Leta ngo ibasonere ku mategeko n' ibijanye na ESEA, igomba kwandika itangazo muri Leta ribisaba, risobanura ibijanye nuko gusaba gusonegwa, ikaryandika bakurikije uburyo basanzwe bakurikiza mu gusaba ikintu muri Leta [20 U.S.C. §7861(b)(3)(B)] [ESEA Title IX, Part D, §8401(b)(3)(B)(ii)].

## Itegeko rivuga uko amashuri ya Knox County akorana n'abavyeyi n'imiryango

Itegeko Code: I-270. vyakojwe 7/1995 kandi vyasubiwemwo 08/2017.

### IVYO AMASHURI YOSE AGOMBA GUKORA

Ubuyobozi bukuru bw'amashuri ya Knox County burasobanukiwe akamaro n' inkomezi biri mu gukorana n'abavyeyi n'imiryango kwi shuri no muri sisiteme yose, kandi burabishigikiye mu rwego rwo hejuru. Uburyo bwo gukora, aribwo sisiteme ya Knox County (KCS) iyobogwa n'ubufatanye bwabo n'abavyeyi n'imiryango nkuko bivugwa muri Every Student Succeeds Act (ESSA) bisobanura ko umwana wese agomba gutsinda. Muri iri tegeko, sisiteme y'ishuri isabwa gukora inyandiko ngendegwako yo gukorana n'abavyeyi n'imiryango, ikagomba gushigwa mu vyo district igomba kwitako, bategura ivyo KCS igomba guteganya kugerako nivyo yiteguye kurangura muri ubwo bufatanye bwabo hamwe n'abavyeyi n'imiryango. Ivyo bateganya (plan) bivuga ukugene KCS izokora ibi bikurikira:

- A. Gufatanya n'abavyeyi n'imiryango muguteza imbere integuro za district, no gutera imbere mu gushigikira no kwiga ibizokogwa;
- B. Gufasha kuyobora ibikogwa, gufasha mu vya tekinike, n'ubundi buryo bwo bukenewe bwo gushigikira no gukomeza amashuri ya Knox County mu gutegura no gushinga imizi mu bufatanye bwabo hamwe n'abavyeyi n'imiryango mu bikogwa vyo guteza imbere imyigire y'umunyeshuri n'imikorere y'ikigo c'ishuri, kandi ivyo bishobora gusaba kuvugana no gukorana n'abakoresha, abategeka imishinga yabo, abagira neza bafise amashuri hamwe, abantu ku giti cabo bafise ubuhinga mu bumenyi bwo gukorana n'abavyeyi n'imiryango mu rwego rw'amashuri;
- C. Kuyobora no kuraba ukuntu yoshira mu buryo bunogeye amategeko na programa vyerekeye gukorana n'abavyeyi n'imiryango mu yandi mategeko, mu rwego rwa Leta, state no mu karere;
- D. Kuyobora inama rimwe mu mwaka irimwo abavyeyi n'abagize imiryango kugira ngo barabire hawe uko ibikogwa vyakozwe hamwe nabo dufatanije biri guteza imbere imyigishirize y'amashuri ya Knox County, no kumenya neza ivyarivyo:
  - Igituma abavyeyi bataza ari benshi, na cane cane abafise ibibazo vy'ubukene, abamugaye, abataramenya ikingereza neza, abatazi gusoma no kwandika, canke abo bese bafise ikibasigaza inyuma ntibamere nk'abandi (minority);
  - Gufatanya n'abavyeyi n'imiryango mu kwiga kw'abana babo, harimwo gufatanya n'abakozi b'ishuri n'abarimu;
  - Uburyo bwo gushigikira amashuri meza no gukorana n'imiryango;
- E. Gukoresha ivyavuye muri uko kwihweza bigakoresha kugira ugukorana n'abavyeyi bimere neza, kandi bibaye ngombwa ayo mategeko agenga iryo fatanya ry'abavyeyi n'imiryango akavugurugwa;
- F. Gushiramwo abavyeyi mu mirimo y'amashuri, kandi bishobora gusaba gukora inama y'ubuyobozi harimwo abavyeyi canke abaserukira imiryango bahagije bakorana na KCS kugira bashobora kuvuga ivyo abantu banyuranye bipfuzwa, gutyo bagateze imbere, bagasubiramwo kandi bihweze neza ayo mategeko agenga ubufatanye bw'amashuri n'abavyeyi n'imiryango; kandi
- G. Bagashiramwo ibiri muri Department y'uburezi bwa Tennessee 2013-2014 bivuga ingongo z'ukuntu abavyeyi bakorana nabo (results of 2009 TN Senate Bill No 293):
  - **Ingongo ya mbere: Kwakira neza imiryango mu mashuri.** Imiryango nibwo bakorana umwete mu buzima bw'ishuri, bagomba kumva ko bakiriwe neza, ko bari kumwe n'abakozi b'ishuri, no mu vyo abanyeshuri bari kwiga nivyo bakora mw'ishuri ryabo no mu kigo.
  - **Ingongo ya kabiri: Kuvugana.** Imiryango n'amashuri bahora bavugana mu buryo bwiza ku vyerekeye uko umunyeshuri yiga.
  - **Ingongo ya gatatu: Gushira imbere gutsinda amashuri.** Imiryango n'abakozi b'ishuri bakorana igihe cose mu gushigikira abanyeshuri mu kwiga neza no gukurana amagara meza haba muhira haba kwi shuri, kandi bakabona igihe cose uburyo bwiza bwo gukomeza batera imbere mu bwenge no mu bumenyi.
  - **Ingongo ya kane: Kuvuganira umwana wese.** Imiryango irabwigwa kandi igahabwa n'uburyo bwo kuvuganira abana babo hamwe n'abandi bana bese, gutyo abanyeshuri bese bafatwa kimwe kandi bakaba bafise uburyo bumwe bwo kwiga no gufashwa gutsinda amashuri.
  - **Ingongo ya gatanu: Gufatanya kuyobora.** Imiryango n'abakozi b'ishuri bese bakorana bashize hamwe kandi bangana mugufata ivyemezo birabana n'abanyeshuri n'imiryango, canke mukubwirana, gufashanya, gushiraho ingingo nsha, ibigomba gukomeza canke ama programa.

- **Ingingo ya gatandatu: Gufashanya na kominoti.** Imiryango n’abakozi b’amashuri bakorera hamwe n’abagize komonote kugira ngo bafashe abanyeshuri, imiryango n’abakozi b’ishuri kongera kongera uburyo bwo kwigisha, imirimo ya kominote, n’imirimo ya Leta.

KCS n’amashuri yayo yose, mu buryo bushobotse, bagomba kumenyisha abavyeyi bose n’abo bose bagize imiryango (batibagiwe abavyeyi n’imiryango bataramenya ikingereza neza, abavyeyi n’imiryango bafise ubumuga, , n’abavyeyi n’abantu b’imiryango ihora yimuka), ibikogwa kw’ishuri n’ama raporo y’ishuri, mu buryo bwiza kandi bishobotse mu rurimi abavyeyi batahura.

## **AMASHURI YA TITLE I**

Abavyeyi n’abantu bo mu miryango y’abana babona ubufasha bwa Title I bagomba kuba mubafata ivyemezo mu kugene imfashanyo yagenewe umuvyeyi n’umuryango ikoresha mu bijanye n’ukuntu abavyeyi bafasha mu mirimo ikogwa. Ayo mafranga agomba gukoreshwa mu mirimo no mubiteganijwe gukogwa nkuko itegeko ryo gufatanya kwa KCS n’umuvyeyi n’umuryango rivuga, harimwo n’ibi bikurukira:

- A. Gushigikira amashuri n’imigwi itagamije inyungu mugutanga ihugugwa ry’abakozi muri district no mu bakozi b’ishuri mu bijanye no gukorana n’umuvyeyi n’umuryango, kandi bishobora gutangigwa hamwe kuri bose, ari abarimu, abayobozi, n’abandi bategetsu b’amashuri, n’abandi bantu bafasha mu burezi, abasimbura, abigisha abana batoya, n’abavyeyi n’abaserukira imiryango.
- B. Gushigikira programa zigera ku bavyeyi n’abagize imiryango mu ngo zabo, muri kominote no kw’ishuri.
- C. Gukwizakwiza inkuru y’ibintu vyakozwe neza umuntu yibanda ku buryo ishuri rikorana n’umuvyeyi n’umuryango, na cane cane mu gukorana neza n’abavyeyi n’abagize imiryango ifise ibibazo n’ubukene.
- D. Gufashanya, canke gutanga imishinga mitoya ku mashuri iyashoboza gukorana na kominote canke ayandi mashira hamwe canke abakoresha basanzwe bazwiko ubushobozi bwo guteza imbere uko gukorana kw’abavyeyi n’imiryango.
- E. Gukorana na KCS iyindi mirimo n’ibindi bateganya gukora bijanye kandi bikomeza uko gufatanya kw’amashuri n’umuvyeyi n’umuryango.

Ishuri ryose riri muri Title I rizokorera hamwe, kandi rihe abavyeyi n’abantu bo mu miryango bafise abana kur’iryo shuri, amategeko yanditse avuga uko bakorana n’umuvyeyi n’umuryango, uko abavyeyi baryemeye, kandi bavuga n’uburyo bwo gushitsa ibitegekwa mu ingingo C-G zavuzwe haruguru. Abavyeyi bagomba gusobanurirwa ayo mategeko mu buryo bumwe kandi bwumvikana, bishobotse mu rurimi bumva. Itegeko nkiri rigomba kumenyekanishwa muri kominote kandi bakajya barivugurura kenshi kugira ngo rikomeze kujana n’ibintu abavyeyi n’ishuri bakenera.

Ishuri ryose rya Title I rigomba:

- A. Gukoresha inama ya buri mwaka, ku gihe kibereye, kandi abavyeyi bose bafise abana bagomba gutumigwa kandi bakabashishikariza kuyizamwo, no kubwira abavyeyi akamaro ko kuza mu nama, hamwe n’ibitegetswe kubayirimwo, n’uburenganzira bwabo bwo kuyibamwo.
- B. Gutegura inama zitandukanye mu gitondo no ku mugoroba, kandi hagakoreshwa amafranga yabigenewe, mukubafasha kuza mu nama, kuzana abaraba abana, canke kuja mu ngo mu bikogwa nk’ivyo nyene bijanye no gufashanya n’abavyeyi;
- C. Gufatanya n’abavyeyi, mu buryo buboneye neza, ku gihe ciza no mu buryo bwiza, mu gutegura ibizokogwa, no kuraba ivyakozwe, no guteza imbere ama programa ya Title I, harimwo niyo gukorana hagati y’ishuri, umuvyeyi n’umuryango, hamwe na programa rusanga yo guteza imbere integuro ya programa y’ishuri ryose;
- D. Guha abavyeyi b’abana biga:
  - Ibijanye na za programa ku gihe bakimara kubibona,
  - Kubasobanurira no kubabwira uburyo bateganya kwigisha muri iryo shuri, uko ibibazo vyateganijwe vyo kupima ngo baje bamenya aho umunyeshuri ageze, hamwe n’ibibazo bitoroshe vya state batanga, kandi
  - Nimba abavyeyi babisavye, n’ugutanga uburyo bwo kuja hakogwa amanama kugira batange ivyiyumviro, mufashanye, ku buryo bunogeye, mugufata ivyemezo bijanye n’abana babo, kandi n’ugusubiza vuba uko bishobotse, ivyifuzo vyabo bigashigwa mu bikogwa.
- E. Gufatanya n’abavyeyi gukorera hamwe ikusanyo ririmwo uko abavyeyi, abakozi b’ishuri bose, n’abanyeshuri bazogabura imirimo bashinzwe mu guteza imbere ukumenya kw’abanyeshuri, kandi bagashiramwo n’uburyo ishuri n’abavyeyi bazokoresha mu guteza imbere uko gufatanya kwabo bafasha

abana kugera ku rwego rwo hejuri Tennessee yashizeho. Iryo kusanyo rimeze gutya:

- Kuvuga neza ico ishuri rishinzwe mu gutanga inyigisho nziza yo mu rwego rwo hejuru, kandi ko bigishiriza ahantu hameze neza hafasha abana gushobora gutsinda ibibazo bihanitse vyatowe na State vyo kuraba aho ubwenge bwabo buhagaze, kandi bagashiramwo n'uburyo umuvyeyi wese azofasha gushigikira abana babo kwiga, kuza gukorana n'abana mw'ishuri, no gukorana n'ishuri uko bashoboye kose, no mugufata ivyemezo vyerekeye indero y'abana, no kubafasha gukoresha igihe cabo neza igihe batashe, kandi
- Kuvuga akamaro kari mu biganiro hagati y'abarimu n'abavyeyi ku buryo bikogwa kenshi, nibura mu gihe c'inama ya mwarimu n'umuvyeyi, igihe c'amanota y'abana, gushobora kuvugana n'abakozi, kuza gukorana n'abana mw'ishuri ry'umwana wawe, kandi umuvyeyi akaraba ivyo bakora mw'ishuri, hanyuma igihe cose ibiganiro bikaba mu mpande zompi hagati y'abagize imiryango n'abakozi b'ishuri, ivyo bigakogwa, nimba bishobotse, mu rurimi imiryango ishobora kumva.

## **Ingingo zo gukorana n'abavyeyi muri Tennessee**

Mu nama y'abashinga amategeko yo muri 2009 bise Senate Bill No.293 yasavye ko Departement y'amashuri ya Tennessee yotangura gukorana n'abavyeyi mu mashuri ya Leta. District yose n'ikigo c'ishuri cose kigasabwa gutanga raporo ko babikwirikiza. Raporo yuko batanguye kubikwirikiza muri Tennessee izotangurana n'umwaka w'ishuri wa 2010-2011. Mu mpeshi yo muri 2011 (Spring), hari ibibazo bizova muri Department ya State biza ku kigo cose ca district kubabaza uko bari gukwirikiza iryo tegeko.

Ibi bikurikira biri muvuyo Tennessee ikora kandi babikoze bifatiye ku nama z'ishirahamwe rihuriramwo abavyeyi, abarimu n'imiryango bita PTA's national Standards for Family-School Partnerships. Izi ngino zemejwe n'inama y'ubuyobozi bukuru bw'amashuri kwi tariki 30 z'ukwezi kw'indwi muri 2010.

### *Ingingo ya mbere: Kwakira neza imiryango mu mashuri*

- Imiryango niba bakorana umwete mu buzima bw'ishuri, bagomba kumva ko bakiriwe neza, ko bari kumwe n'abakozi b'ishuri, no mu vyo abanyeshuri bari kwiga nivyo bakora mwi shuri ryabo no mu kigo.

### *Ingingo ya 2: Kuvuga neza mu bwunvikane*

- Imiryango n'abakozi b'ishuri bavugana mu buryo bwiza bubereye kuvyerekeye imyigire y'abanyeshuri.

### *Ingingo ya 3: Gushira imbere gutsinda kw'abanyeshuri*

- Imiryango n'abakozi b'ishuri bakorana igihe cose mu gushigikira abanyeshuri mu kwiga neza no gukurana amagara meza haba muhira haba kwi shuri, kandi bakabona igihe cose uburyo bwiza bwo gukomeza batera imbere mu bwenge no mu bumenyi.

### *Ingingo ya 4: Guhagararira umwana wese*

- Imiryango irabwigwa kandi igahabwa n'uburyo bwo kuvuganira abana babo hamwe n'abandi bana bose, gutyo abanyeshuri bose bafatwa kimwe kandi bakaba bafise uburyo bumwe bwo kwiga no gufashwa gutsinda amashuri.

### *Ingingo ya 5: Gusangira ubutegets*

- Imiryango n'abakozi b'ishuri bese bakorana bashize hamwe kandi bangana mu gufata evyemezo birabana n'abanyeshuri n'imiryango, canke mukubwirana, gufashanya, gushiraho ingingo nsha, ibigomba gukogwa canke ama programa.

### *Ingingo ya 6: Gufashanya na kominote*

- Imiryango n'abakozi b'ishuri bakorerana hamwe n'abagize kominote mugufasha abanyeshuri, imiryango, n'abakozi bese baronderera hamwe icoteza imbere uburyo bwo kwigisha, no mu bikogwa vya kominote no gukorana n'ivy'igihugu.

Bimwe mubishobora gukoreshwa mu gupima ko uko gukorana n'abavyeyi bigenda neza nibi:

- Impapuro z'amanota muri TN: <http://tn.gov/education/topic/report-card>
- Integuro za district n'amashuri na sisiteme y'ukuntu bafasha: <http://tn.gov/education/topic/eplan>
- Itegeko ry'ubufatanye n'abavyeyi n'integuro muri district no mu mashuri
- Igitabo kirimo ivy'ishirahamwe ry'abarimu n'abavyeyi: "PTA National Standards for Family-School Partnerships" kiri kuri <http://www.pta.org/nationalstandards>
- Ivyo bagiye babaza abavyeyi

Mugomba kumenya ibindi, raba aha:

- TDOE: <http://www.tennessee.gov/education/topic/family-community-engagement>
- TN Parent Information & Resource Center: <http://www.tnvoices.org/index.php?q=en/TPIRC>
- TN PTA: <http://www.tnpta.org/>
- Toolkit for Title I Parental Involvement: <http://www.sedl.org/connections/toolkit/>

*Aho vyavuye:* Ishami rikuru ry'amashuri ya TN

## **IBINTU CUMI VY'UKURI MU GUKORANA N'ABAVYEYI**

**#1**

**Abavyeyi bose bafise icizere n'integuro nziza ku bana babo.**

Batandukanywa n'uburyo bafasha abana babo kugera kurizo ntego.

**#2**

**Muhira ni hamwe mu hantu henshi hatuma umwana amera uko ari.**

Ishuri rigomba gukorana n'ahandi hose umwana aja hamufitiye akamaro, ntibagomba kubigizayo.

**#3**

**Abavyeyi nibo bantu b'ingenzi mu ndero y'abana**

Ishuri rishobora kubaha indero canke rigakomeza iyatanguwe n'abavyeyi

**#4**

**Ugufashanya n'abavyeyi bigomba kuba itegeko mu ndero y'umwana.**

Bisaba kuresha mu gufata ivyemezo kuvyerekeye nka programa yo gutera imbere n'uburyo bwo kuraba uko vyose bigenda.

**#5**

**Ugukorana n'abavyeyi n'uguhozako, si programa y'imirimo.**

Bisaba guhozako hamwe n'umwete n'inguvu.

**#6**

**Gukorana n'abavyeyi bisaba intego, itegeko, n' ukugene bizokogwa.**

Gushira hamwe mu bwumvikane n' icingenzi.

**#7**

**Ugufashanya kw'abavyeyi n'abana babo niryo fatiro ry'ugukorana n'abo.**

Programa igomba kumenya agaciro k'umuntu, ko abantu batandukanye, n'ingorane y'uwo murimo.

**#8**

**Ibintu bituma abavyeyi bataza neza biri mu mikorere y'ishuri.**

Izo ngorane ntiziri mu bavyeyi.

**#9**

**Umuvyeyi wese "bishobora kutoroha kumubona."**

Abavyeyi bagomba kurondegwa ku giti cabo mw'izina ryabo; ntibahamagwa amazina bakwirikije igitsina, ubwoko, uko umuryango ubayeho, uko yize canke uko ahembwa

**#10**

**Ugufashanya neza n'abavyeyi vyongera umubano mwiza no gukorana n'abandi neza.**

Bikomeza umushikirano hagati yo muhira n'ishuri, y'umuvyeyi na mwarimu, y'umuvyeyi n'umwana, y'ishuri na kominote.

## **IBINTU RUSANGE VYO KUMENYA**

### **Uburyo bwo gusobanuzwa no kurega**

(Ryasubiwemwo hakurikijwe itegeko Public Law 97-35 [Sections 116.182-185])

Ibirego vyose no kureganywa bigomba guca mu nzira nyazo mbere yuko babijana muri komite inshize kuvyiga yo muri Department ya programa za leta. Iyo komite ibishinzwe yo muri Department ya Program za Leta (The Federal Programs Dept Review Committee) igizwe na Superintendent canke uwumusimbura, umuyobozi (Director) w'izo Programa za Leta, umuyobozi w'inama ya District (District Advisory Council), n'uwundi muntu agomba guhitwamwo nabo ba mbere babiri bakurikije ubwoko bw'ikirego canke bw'akarengane. Nimba ikirego no kureganywa bija mu bintu biri muri programa canke bitarimwo, umuntu wa gatatu ashobora kuba umukozi wo muriyo Department ya za Progma za Leta ashinze kubigenzura, etc.

Abo bibanza gucako harimwo: mwarimu, umuyobozi w'ikigo, umu supervisa wa Dept ya za Programa za Leta. Nimba ikirego canke akarengane bitaronse inyishu nziza, ico gihe baca bunguruza bikaja muri komite ibishinzwe muri Dept ya za Programa za Leta:

- a. Ikirego cose canke akarengane kose bigomba kwandikwa bikarungigwa muri komite ishinzwe kuvyiga yo muri Dept ya Programa za Leta. Ico kirego kigomba kwandikigwa umuyobozi (Director) wa Dept ya za Programa za Leta canke Superintendent w'amashuri.
- b. Muri ico kirego canditse hagomba kuba harimwo urupapuro rwerekana inzego zose vyacyemwo kugira ngo babishakira ibisubizo.
- c. Abarega bagomba guhamagagwa na Diregiteri kugira ngo bitabe komite ibishinzwe mu butegetsi bwa Dept ya Programa za Leta, mu nama iteganwa bitarenze iminsi 15 kuva kw'itariki baboneyeko ikirego.
- d. Buri mugwi ugomba gutora umuntu umwe gusa wo kubavuganira.
- e. Komite ishinzwe kuvyiga yo muri Dept ya Programa za Leta izotangaza icemezo cafashwe kuri ico kirego canke akarengane nyuma y'iminsi 15 kuva bamaze kumva uko vyagenze.
- f. Nimba uwareze nubu yumva atemeye ingingo zafashwe, ashobora kujana ikirego ciwe mubagize inama y'ubuyobozi bukuru bw'amashuri ya Knox County (Knox County Board of Education) akwirikije uburyo bikogwa nkuko bisobanuye mu gitabo c'amashuri ya Knox County, urupapuro BCBI.
- g. Nimba ikirego kitabonewe igisubizo mu minsi 30, kizoca cungururizwa muri Departmen ya State.
- h. Ingingo ya mbere inama y'ubuyobozi bukuru bw'amashuri ya Knox County ifata bamaze kubona icemezo c'uko vyagenze, nukunguriza ico kirego muri Department ya state.
- i. Akarere kose k'amashuri n'inama zose z'abavyeyi n'abandi bantu bumva harico babiziko, bagomba kuvuga ivyo bazi kandi bagafasha murico kirego nubwo burengane bwabayeye.

### **IJAMBO YR'ABAVYEYI KU MUTEKANO MUKE MU MASHURI**

Dukwirikije itegeko ry'ubuyobozi bukuru bw'amashuri rijanye n'umutekano woba muke mu mashuri, umunyeshuri wese wo mu mashuri ya leta azohohotegwa nkuko bivugwa n'itegeko rya Tennessee "Code Annotated 40-38-11(g), canke uwuzogerageza gukora kimwe muvyaha bivugwa mw'itegeko rya Tennessee "Code Annotated 39-12-101, azohabwa uburyo bwo kuja kwiga mu mwaka bikwiranye mu rindi shuri ryo muri district.

Ibindi mwifuzwa kumenya bijanye nibi mushobora kubibona muhamagaye amashuri ya Knox County, ibiro bishinzwe abimuka (transfer office) kuri 865 594-1506

<https://www.tn.gov/education/article/unsafe-schools-choice-poliy>

## INAMA KU BAVYEYI

### INAMA ZO GUSOMA N'IBIJANYE NAVYO

Muhira niho hantu heza umwana ashobora gufashirizwa kwiga gusoma neza. Ingeso nziza yo kumenyera gusoma neza hari ukuntu itegwa n'ukuntu umwana abayeho muhira. Icingenzi nuko abavyeyi bashobora kurondera uburyo bwotuma abana bakunda gusoma bagatera baja imbere.

Inama zikwirikira zizofasha umwana wawe kuba yiteguye kuzomenya gusoma neza:

**Vugisha umwana wawe.** Iki n'ikintu gikomeye cane kuko uko umwana yumva amagambo menshi, niko azomenya gukoresha amagambo menshi mu kiganiro gisanze. Iciza muri ivyo, nuko amagambo azoca ayasobanukigwa igiye ayabonye yanditse ku rupapuro.

**Tega amatwi umwana wawe.** Ikintu gikomeye cane ku bana ni gushobora kwisigura bo nyene ubwabo. Uko umwana avuga cane, niko azogenda yunguka uburyo butandukanye bwo kuvuga ururimi.

**Somera umwana wawe.** Igihe cose uzosomera umwana wawe, uzoba uri kumwigisha gukunda ibitabo, hamwe no gukunda gusoma. Umwana wasomewe ibitabu, ntakabuza azokunda gusoma kandi anamenye kurondera ibitabo ku giti ciwe.

**Gufasha umwana kunguka amagambo masha.** Amagambo masha umwana ashobora kugenda ayakura aho muba igihe ari kugenda asobanukigwa ibihari vyose. Iyo umwana abaza ibintu bimukikije, nivyo agenda abona aho muba, mumwishure neza k'uburyo mubona ko yabimenye kandi yabisobanukiwe. Mugomba kumenya neza ko ayo magambo masha umwana yasobanukiwe ico avuga. Mukayakoresha no mu mungane... kandi muje mwibuka kongera kuyamusubiriramwo.

**Fasha umwana wanyu kumenya gutandukanya amajwi y'indome...** Aho amajwi atandukaniye naho ahuriye. Akarorero: Vuga amagambo atatu yose atangugwa n'indome imwe, ongerako irya kane ritandukanye nayo cane. Ubu nibwo buryo bwo kwigisha umwana wawe gutandukanya amajwi.

**Fasha umwana wawe kumenya ivyo abona n'amaso.** Mwerekere uko amabara atandukanye, ubunini bw'ibintu, uko bikase, amaforoma y'ibintu biri munzu no hanze mu babanyi, amenye naho biri. Imikino itandukanye izofasha umwana wawe kumenya gutandukanya ivyo abona n'amaso yiwe.

**Uhe umwana wawe imirimo yo gukora kandi aje n'ahandi hantu.** Uko agenda akora ibintu vyinshi bitandukanye niko bizofasha umwana wawe kera, gusobanukigwa ibintu vyanditse igihe azoba arimwo kwiga. Mwerekere ibintu vyiza bibakikuje kandi abariko umwigisha amagambo masha nico asobanura.

**Mugire akamenyero ko gusoma muhira.** Mugire ibitabo bitandukanye, ibinyamakuru, n'ibindi...vyo gusoma muhira. Ereka umwana wawe ko gusoma biryoshe kandi bifise akamaro gose.

Anthony D. Fredericks and David Taylor, Parent Programs in Reading: Guidelines for Success (Newark, Delaware: International Reading Association, Inc., 1985), pp. 62-63.



## **INAMA Z'IBIHARURO N'IBINDI BIJANYE NAVYO**

Ibiharuro bikoreshwa muhira iminsi yose. Kumenyereza abana kubikoresha bifise akamaro gakomeye cane kuko bizobafasha kumenyera uko bikogwa kandi bagahera n'ubwoba igihe bazotangura kuvyiga mw'ishuri. Uko umwana abona ibiharuro bica bihinduka, kubera ukuntu aba amenyereye kubikora muhira. Iciza kirimwo, nuko abavyeyi bashobora gukundisha abana kubikora no kubimenya.

Izi nama zizofasha umwana wanyu mukwitegura kuzomenyera gukora ibiharuro neza:

**Kumenyera gukoresha ibitabu vy'ibiharuro.** Musomere ibirimo, genda umwerekana inyigisho zitandukanye zirimo, umwigishe kuraba ibice birimwo no gukora ibibazo birimwo, amagambo masha, umwerekana n'ibice bisubiramwo ivyo vyigwa mu ncamake.

**Mumenyereze kuvyo ubona bijanye n'umwaka w'ishuri agezemwo.** Umwarimu wese afise ivyo agomba kubigisha bijanye n'umwaka bagezemwo. Baza mwarimu akubwire ivyo bagomba kumenya.

**Umubwire akagene ibiharuro bikoreshwa mu mirimo y'iminsi yose, nko gukorera amahera, kuyabika no kuyakoresha.**

**Teganya umunsi mwi yingira muganira ku ma homework y'ibiharuro, amagambo masha, ibibazo, n'utundi bagenda babaza mw'ishuri,**

**Ukoreshe impapuro zikasemwo duto duto (cards) zo kwigirako guteranya, gukuramwo, kuwiza, no kugabanya.** Izo ushobora kuzigura ku mahera makeya canke nawe ukazikatira.

**Temberana n'umwana wawe.** Hari ibintu vyinshi muri kominote bishobora kubafasha kuganira mukoresheje ibiharuro; nk'akarorero, ibintu uko bingana canke uko bikoze; kugereranya ubunini bw'ibintu bibiri canke vyinshi; gusoma ama address n'ama numero; kugereranya uburebure bwaho mumaze kugenda; guharura amamodoka, amazu, n'ibindi n'ibindi.

**Koresha ibinyamakuru.** Ukate mu gice kirimo udukuru dutwenga kandi dushushanije, ukwirikije imirongo. Umaze kudukata, uheze utuvangavange, hanyuma uhe umwana yongere adusubize ku murongo nkuko twari turi mbere. N'igice kirimwo ibintu batangaza naco ni ciza mukwigisha ingene ibiharuro bimeze.

**Kujana gusuma.** Uhe umwana yongere asubiremwo akoporore ivyo musuma wanditse ku gapapuro, agenda ashira ibisumwa mu migwi yavyo kugira mugeze mw'isoko biborohere kubibona.

**Mushimire igihe cose akoze ikintu.** Uko yumva anezerewe iyo umushimiye ukanamwerekana ko yakoze neza, bica bimuha umwete wo kugomba kuzohora akora neza.

## **NI GUTE NSHOBORA GUKORANA NAMWE NEZA?**

Gukorana biba mu buryo bwinshi. Ibi bikwirikira n'uturorero tutwereka ukugene abavyeyi bashobora gufasha mu burezi bw'umwana wabo mu mashuri ya Knox County.

**Tangura ufashe:** Kuva kera abavyeyi bahoze bafasha mu burezi bw'abana babo mu buryo bwinshi. Imirimo bakora cane niyo kwitanga igihe bakenewe n'abarimu mu mashuri yabo (nko kumanika ibintu) canke gufasha mu biro vy'abakozi (nko kwitaba telephone), canke kuza mu gihe amashuri afise ivyo yerekana, no gufasha igihe harivyo bakora kugira babone amahera, n'ibindi, etc. Imirimo nkiyo yarafashije cane amashuri n'abanyeshuri n'imiryango cane kandi izokomeza kuba imirimo y'ingenzi.

**Korana natwe:** Abavyeyi benshi barashaka kongera uburyo bafasha bakora imirimo yagenewe guteza imbere ukwiga k'umunyeshuri. Umuvyeyi yitwa ko "dukorana" bivuga ibi bikwirikira:

- **Kwigira muhira:** Kuza kw'ishuri mu turimo twigisha abavyeyi uburyo bwiza bwo gufasha abana babo gukora homework, kwiga ukugene babikora, n'ukuntu biba akamenyero gukorera muhira.
- **Kurera:** Kubona uburyo bwo kwiga ubushakashatsi busha bakoze bujane n'imikurire y'abana hamwe n'ibisubizo ku ngorane zihari zo kurera.
- **Kuganira:** Kubona uburyo bwo kuvuganira n'amashuri kugira ngo usobanukigwe ama programa n'amategeko y'ikigo, umenye nimba umwana ari gukora neza, atera aja imbere, kumenya gusubiza ku bibazo canke izindi ngorane z'abanyeshuri, kumenya uburyo bwiza bwo kuvugana n'abarimu, hamwe n'abandi bakozi b'ishuri.
- **Kumenya gufata icemezo:** Kumenya gutanga ivyiyumviro no kumenya kuvuga neza ivyo wiyumvira ku kigo c'ishuri, kuri district, kuri state, no kumenya gufata ivyemezo bifasha mu mwigishirize y'abanyeshuri vyemeza ko uburezi mubufatanije.
- **Gufashanya na Kominote:** Kuba uzi kominote kandi ukamenya gukoresha uburyo tubonamwo bushobora kongera ubumenyi n'ubwenge bw'imiryango n'abana muri iki gihe turimwo no muri kazoza ko kwigisha no mu mirimo ikogwa, kandi tukaba twokuramo ibintu bishobora gufasha umuryango n'umwana.
- **Kuja gufasha:** Gushigikira umwete amashuri afise cane cane mu kongera ubwenge bw'umunyeshuri (kumviriza umunyeshuri iyo ari gusoma, gusomera abanyeshuri no kubabaza gusoma, gusobanukigwa ivyo basomye, kubaza utubazo, n'ibindi, etc.)

Umurimo wose mur'iyi usaba ko abavyeyi baba bafise ku mutima ukuntu babona **abana babo mu ruhande rwiza kubijanye no kumenya ko bagomba gutsinda amashuri yabo neza.**

### **Mukwirikire ibiba**

- Bimwe muvuyo mugomba kujamwo mubikogwa kw'ishuri: Inama y'umuvyeyi n'umwarimu, iminsi mikuru irimo imiryango, inama z'ubuyobozi bw'ikigo c'ishuri.
- Gusoma igitabo c'abavyeyi kivugamwo programa za Dept ya Leta.
- Kuza mw'ishuri kwiga ivyo kurera.

### **Itegereze**

Uze kuraba ishuri umwana wawe yigamwo hanyuma wibonere ubwawe uko umwana akora mw'ishuri.

### **Fata icemezo**

Amafranga ya Leta ahabwa programa zikogwa na Dept ya Leta. Ivyo abavyeyi bavuze n'inama batanze nivyonyo baraba mugukoresha ayo mahera mu buryo bwinshi butandukanye.

**MU MAGAMBO MAKEYA, UMUVYEYI DUKORANA, NIWE MUVUGIZI WO HEJURU DUFISE AVUGANIRA UMWANA N'ISHURI.**

## **Inama za mwarimu n'umuvyeyi**

Inama ya mwarimu n'umuvyeyi n'uburyo bwiza abarimu n'abavyeyi b'umwana bahurira hamwe bakaganira ukugene umwana yobona inyigisho nziza bakwirikije ivyo wewe nyene ubona akeneye. Uku kuganira kwabo ntaho bihuriye n'impapuro z'amanota babona (report cards) kuko bavugana vyinshi, bifasha gusobanukigwa neza ukuntu umwana yotera aja imbere mu mashuri. Abavyeyi na mwarimu bagira ubufatanye bwiza bufasha umwana kugira umwete.

Abavyeyi bashobora gusaba inama iyo bakeneye kubwira mwarimu ikintu ciza ku mwana wabo, canke iyo bahagaritse umutima kubera umwana atarimwo kwiga neza, iyo ingeso ziwe kw'ishuri babona zitameze neza, canke hari ikibazo mu muryango babona gishobora gutuma umwana atiga neza.

Abarimu bashobora gusaba inama iyo amanota y'abana yasohotse (report cards), canke umwana yakozwe neza kw'ishuri ku buryo budasanzwe, canke iyo babona ivyigwa biri kumugora gose, niyo ari kugira ikibazo co kwitwara nabi hamwe n'ingeso mbi kwi shuri.

Iyo witegura kubonana na mwarimu, wandika ku gapapuro ibintu vyose uza kumubaza. Ushobora kubaza amanota y'umwana, homework, ibibazo bakoze, uko umwana yitwara n'ingeso ziwe mw'ishuri. Umenyeshe umwana wawe ko uza kugenda kubonan na mwarimu. Iyo ubimubwiye, umubarire impamvu yiyo nama kandi nawe umubaze ivyo yumva ko mwovugana na mwarimu. Hanyuma umumenyeshe ko nuvayo muja kuvugana ivyo iyo nama yageze.

Mu nama mugirana na mwarimu, umubwire ico wumva iyo nama kubwawe igamije gushikako. Utangure inama mu buryo bwiza bwubaka. Umwarimu arabikeneye kandi arakwiriye gushimwa. Umubwire ibintu umwana wawe akunda, ibintu afisemwo ubuhanga, uburyo yiga, n'ikindi cose wumva ko akeneye kumenya (akarorero: ikibazo c'ibiro vyawe, ubumuga yoba afise, amasoni, n'ibindi, etc.). Ufashe umwarimu kumenya neza umwana wawe. Baza umwarimu ivyigwa vyose umwana yiga mu mwaka agezemwo. Umubaze ukuntu batanga amanota n'ivyo baraba vyose mukumuha amanota mu cigwa cose. Utega amatwi neza kandi nimba ubishoboye uje urandika igihe mwarimu ari gusobanura ukuntu umwana wawe atera aja imbere mw'ishuri. Uvugane na mwarimu ukuntu muzokorana mugufasha umwana wawe kugira atsinde neza ivyo yiga. Icingenzi: Kurangiza inama ku buryo bwiza bwubaka bizotuma haba umubano mwiza hagati y'ishuri n'urugo rwawe.

Uvuye mu nama, ugire igihe co kuvugana nuwo mwubakanye hamwe n'umwana wawe kuco mwageze mu nama. Cane cane werekane ivyiza vyavuyemwo, ingingo nziza mwafashe, , ivyo mwaganiriye bifasha umwana mu gutera imbere hamwe n'ivyo mwemeraniye ko umwana agomba kugerako. Mukorere mwarimu urutonde rwivyo mwifuzwa, kandi mukomeze kugira umutima wo gukorana nawe no kumenya ivyo umwana akora nuko yitwara kw'ishuri

Icitondegwa: Ufise uruhare runini gose mu ndero y'umwana wawe, rero uko kugumana ubufatanye na mwarimu w'umwana bizofasha cane umwana wawe gutsinda neza mw'ishuri.

## **Gutoza uburyo bwo kwiga neza**

Intambwe ushobora gukoresha mu kwiga neza no kugira akamenyero keza ko kwiga:

- Rondera ahantu heza hacetse.  
Ahantu heza ho kwigira, hategeranye nabo munzu, canke abagenzi na television, ivyo birafasha gose. Ico kibanza kigomba kuba ata kintu co kugusamaza kirimwo, hari n'umuco uhagije. Hakeneye itara ritari muni ya watt-100 mu kwiga.
- Ibikoresho ukoresha mu kwiga ubigumize hamwe.  
Koresha igihe cawe neza. Ibikoresho ubishire hamwe. Ubishize hamwe nko mu mbegeti canke ikarito, uca ushobora kubiterura neza. Ivyo bikoresho hagomba kuba harimwo ibitabo ukoresha, nka dictionari; encyclopedia na almanac, ivyo birafasha.
- Wirinde ibigusamaza vyose.  
Menyereza umwana wawe ko ahantu hacetse haba ibisamaza bikeya, ivyo bivuga ko umuntu aca yiga neza. Kandi arimwo yiga, afata icigwa kimwe kimwe abanze acige neza. Umwereke ukuntu iyo television izimije akora imirimo y'ishuri neza, hanyuma muyizimye igihe cose ari kwiga.

Ntibishoboka kuba uri kwiyumvira indirimbo hanyuma ngo wongere wiyumvire neza ivyo wiga. Abanyeshuri bavuga ngo "nsinshobora kwiga ata music", vyukuri bivuga gutya "Narafashe ingeso mbi yo kwiga numviriza music". Hindura ingeso mbi buke buke, ubanze ugabanya gahoro kugeza igihe uzozimya iyo music ukiga mu gacerere.

- Akamenyero keza ko kwiga.  
Umenyeshe umwana wawe ko igihe kibi co kwiga ari igihe ahaze amaze kurya neza canke igihe arangije gukora ingororamubiri zihagije. Fatanya n'umwana wawe kuraba igihe ciza co kwiga, mukore programa nki y'iminsi itanu mw'iyiga. Nimba adafise homework, asubiremwo ivyo bize, akomeze asome n'ibindi batarabona.

Ukomeze iyo programa. Umwana wawe afate ingeso nziza yo kwigira ahantu hamwe kw'isaha imwe iminsi yose.

- Mufashe kumenya gucunga ukuntu yiyumva.  
Kumenyere kwicara hasi akora bizomuha kwiyumvamwo gushaka gukora. Nawe umutere umwete wo guca atangura gukora igihe acicara. Azoca amenya vuba gucunga uko yiyumva neza.
- Kwicara neza ku ntebe.  
Ronderera umwana wawe intebe nziza ifise umusego, yo kwicarako igihe ari kwiga. Ivyo bizotuma yiga neza adasamaye. Umubuze kuryama hasi canke kuryama ku ntebe n'ibindi nkivyo igihe ariko yiga.
- Akeneye kuja aruhuka igihe ari kwiga?  
Igihe co kuruhuka uko kingana kizotegwa n'imyaka umwana wawe afise canke uko wewe ubona umwana akoresha mu kwiga uko unganu mbere yuko ananigwa. Kandi abana bese baratandukanye, uzomugenera uko aruhuka ukwirikije uko ameze. Ubushakashatsi bwerekanye ko umwana yize neza iminota 50 hanyuma agafata akaruhuko k'iminota 10 bigenda neza gose.
- Mukaraba ko mucumba hameze neza (ubukanye n'ubushuhe)
- Iyo mucumba mwahakanishije mugashira kuri 70, ivyo bizomuha inkomezi. Mumenye ko iyo icumba gishuhije bishobora gutuma yumva ameze neza bigatuma asinzira.

## **Kurya neza bishobora gufasha umwana kwiga neza.**

Mwebwe nk'abavyeyi mufise ibintu vyinshi mwokwibaza vyerekeranye n'abana banyu. Kimwe muri vyo nukwibaza ivyo mwobagaburira. Mugomba kumenya ko ivyo mugaburira abana banyu hagomba kubamwo ibikenewe vyose kandi mukamenya ko mutari kubaha ikintu na kimwe co bamerera nabi. Ikindi naco muribaza ibijane n'ukuntu umwana wanyu arimwo kwiga kugira ngo amenye ivyo bamwigisha mw'ishuri. Mbega waruzi ko hari isano rikomeye hagati y'ivyo umwana

arya n'ukugene akora mw'ishuri? Abana batarya neza baragwaragurika, barasiba ishuri ivyo bigatuma harivyo batiga. Iyo bagarutse kw'ishuri birabagora gukwirikira no kumenya ivyo batabonye igihe basivye. Utagiye ubibutsa iminsi yose, baribagigwa vuba ivyo umuntu yabigishije.

### N'iki abavyeyi bokora kugira ngo bagaburire abana babo neza?

- Abavyeyi bashobora gusoma bakamenya ibijanye n' imirire.
- Abavyeyi bagomba kumenya ko abana babo barya indya zuzuye, harimwo ivyubakamubiri, ivyamwa, n'imboga.
- Abavyeyi bashobora gusaba amashuri kongerako icigwa co kurya neza muvuyo bigisha.
- Abavyeyi bashobora kuja inama n'abakuru b'amashuri bagakura ama bombo n'ibinyobwa bitari vyiza (with caffeine) mu ma machine y'indya no mu gikoni cabo. Bashobora gusaba ivyo ko bobisimbuza ivyamwa, imbuto, amata, n'imitobe y'ivyamwa.
- Abavyeyi bashobora gusaba amashuri igihe bagurisha ibintu bashakisha amahera, ko batogurisha ivyo bintu bisosa.
- Abavyeyi bagomba kumenya indya zimerera nabi abana babo, bakaja kuraba muganga akabandikira urupapuro rw'ivyo bagomba kurya.

### **Umutekano w'umwana wawe**

Mu mwaka umwe gusa, abana barenga 150,000 vy'abana barabura muri Amerika. I kompani yitwa Park Davis Company yo muri New Jersey yahaye impanuro abavyeyi. Nimba wifuza kubona ikopi yiyo mpanuro, hari ubwoko butatu butandukanye ukwirikije imyaka y'abana: Impanuro ku bana bato cane, impanuro ku bana b'ishuri, impanuro kuba abasore. Amakopi uyabaza ibigo vy'abavyeyi mu karere kawo.

1. Ugomba guteza ibikumu umwana wawe, ukabika ako gapapuro ahantu hatekanye handi hagegwa, hamwe n'amafota yiwe uguma ufata nyuma y'amezi atandatu, n'inyandiko ivuga uko umwana wawe ameze, uko aresha, uko asa , eka n'inkovu yoba afise n'ibindi.
2. Igisha abana bawe amazina yabo yose, numero za telephone, numero zaho muba (area code)
3. Kwereka umwana uko bahamagara bakeneye gufashwa (babwire bagume ku murongo, nimba bishoboka). Ubibakoreshe babimenye.
4. Umenye aho umwana wawe ari igihe cose.
5. Ntureke ngo umwana wawe aje gukoresha imisarani ya rusangi ari wenyene.
6. Ntusige umwana wawe mu modoka wenyene.
7. Ntiwandike amazina y'umwana wawe yose ku nkofero, ikoti, ikinga, n'ibindi, etc. Wibuke ko umwana umuhamagara mw'izina ryiwe rya mbere. Umuntu wese arizi ugomba kuba uzi ko umuzi neza.
8. Wigishe abana bawe gutinya no kwirinda abantu batazi. Ivyo bisobanura abantu bose batazwi neza.
9. Ntukarekere umwana wawe mu ruhande bakiniramwo mu ma maduka canke ngo ureke azerere mu maduka ya za mall. Nimba bishitse bakazimira canke hakagira umuntu abatera ubwoba, babarire ko bagomba guca baja kuri bariya bakira amafranga bakahaguma.
10. Umenye incuti z'abana bawe.
11. Uje uja mu mikino y'umwana wawe
12. Umenyereze umwana wawe inzira acamwo agiye ku bagenzi canke kw'ishuri.

13. Ugomba kumenya ingo umwana wawe aja gukiniramwo canke kuramutsa.
14. Wigishe umwana wawe kumenya ingo zose ashobora kujamwo igihe wewe utari hafi canke bakubuze.
15. Wumvirize neza umwana igihe akubwiye ko yumva atagomba kuba kumwe na naka. Urondere impamvu yabiteye.

### **Ukuntu wigisha umwana wawe kumva ko yiyizeye**

1. Umubaririre ikintu ciza kimwubaka umunsi ku wundi.
2. Ugerageze kuraba ko umwana wawe hari ikintu yokora akakirangiza neza iminsi yose, ariko bisaba ko umuha uturimo dutandukanye two gukora.
3. Igihe cose uhe umwana wawe agashimwe ku mwete yagize nubwo atoba yageze kuvyo wagomba.
4. Kora ku buryo umwana wawe yumva ko ari iwabo kandi akunzwe.
5. Tega amatwi neza umwana wawe kandi umurabe mu maso igihe ari kuvuga,
6. Usubize neza ibibazo umwana wawe akubajije mu kuri kandi ako kanya, nimba bishoboka.
7. Ntukoze isoni umwana wawe, cane cane imbere y'abandi, kandi ntutume yibaza ico amaze.
8. Hayagiza umwana wawe uko ushoboye ku vyiyumviro vyawe vyiza, canke yakoze neza ivyo ari gukora, n'ibindi, etc.
9. Ushishikare kubwira umwana wawe gukunda izina ryawe, ivyiyumviro vyawe, n'ibikogwa akora.
10. Ntumuhe ivyo agomba kugerako bimurenze cane kuburyo yoca areka kubigerageza atinya ko bihava bimunanira.
11. Uje ushimira umwana wawe muvuyo akora neza mu mwanya wo guhora umwereka ivyo akora nabi.
12. Fata umwana wawe nkuko nawe wifuzaga ko bagufata.

# Kalendari y'amashuri ya Knox County 2021-2022

(Vyemejwe n'indongozi nkuru z'amashuri ya Knox County kuri 3/11/2020)

2 z'ukwa Munani (ku wa Mbere)	Umunsi wa mbere ku barium-inama (ku Mashuri)
3 z'ukwa Munani (ku wa Kabiri)	Umunsi w'inama kuri (1/2 c'umunsi hose Pre-K-12; 1/2 ku ma shuri)
4 z'ukwa Munani (ku wa Gatatu)	Umunsi w'ubuyobozi (Umunsi w'akazi ku Barimu)
5 z'ukwa Munani (ku wa Kane)	Umunsi w'inama (1/2 c'umunsi); umunsi w'ubuyobozi (abarimu bakora 1/2 c'umunsi) Guhugurwa (orientation) ku mwaka wa 6 n'uwa 9 Inama y'abayobozi (Abarimu barakora)
6 z'ukwa Munani (ku wa Gatatu)	Umunsi wa Mbere ku banyeshuri (1/2 c'umunsi)
9 z'ukwa Munani (ku wa Mbere)	Umunsi Mukuru w'Abakozi - Ikiruhuko
6 z'ukwa Cenda (ku wa Mbere)	Igihe c'amanota nyuma y'inwi 41/2
8 z'ukwa Cenda (ku wa Gatatu)	Umunsi w'Itegeko Shinga (Abanyeshuri bariga)
17 z'ukwa Cenda (ku wa Gatatu)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 9 (iminsi 44)
8 z'ukwa Cumi (ku wa Gatatu)	Ibiruhuko vyo mu kwa 10 (Fall Break)
11-15 z'ukwa 10 (ku wa 1- ku wa 5)	Umunsi w'inama (1/2 c'umunsi Pre-K-12; 1/2 c'umunsi w'ishuri) (Abanyeshuri ntibiga)
2 z'ukwa 11 (ku wa Kabiri)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 41/2
16 z'ukwa 11 (ku wa Kabiri)	Ibiruhuko vya Thanksgiving
24-26 z'ukwa 11 (ku wa 3- ku wa 5)	1/2 c'umunsi ku banyeshuri
17 z'ukwa 12 (ku wa Gatatu)	Amonota nyuma y'indwi 9 (iminsi 41)
	Impera y'igice ca mbere (iminsi 85)
20-31 z'ukwa 12 (iminsi 10)	Ibiruhuko vya Noeli (muri Winter)
3 z'ukwa Mbere (ku wa Mbere)	Umunsi w'inama (1/2 c'umunsi w'ishuri); Umunsi w'abayobozi (1/2 c'umunsi ku Barimu), (Ikiruhuko ku banyeshuri)
	Umunsi wa mbere ku banyeshuri nyuma y'ibiruhuko vya Noeli
4 z'ukwa Mbere (ku wa Kabiri)	Martin Luther King Jr. - Ikiruhuko
17 z'ukwa Mbere (ku wa Mbere)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 41/2
4 z'ukwa Kabiri (ku wa Gatatu)	Umunsi w'inama (1/2 c'umunsi PreK-12; 1/2 c'umunsi w'ishuri, ( Ikiruhuko ku banyeshuri)
21 z'ukwa Kabiri (ku wa Mbere)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 9 (indwi 9 za gatatu) (iminsi 47)
11 z'ukwa Gatatu (ku wa Gatatu)	Ibiruhuko vyo ku Mpesi (Spring Break)
14-18 z'ukwa Gatatu (ku wa 1- ku wa 5)	Umunsi w'Ikiruhuko
15 z'ukwa Gatatu (ku wa Gatatu)	Umunsi w'ikiruhuko
18 z'ukwa Kane (ku wa Mbere)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 41/2
22 z'ukwa Kane (ku wa Gatatu)	Inama ku ma shuri (Ikiruhuko ku banyeshuri)
3 z'ukwa Gatatu (ku wa Kabiri)	Umunsi wa nyuma ku banyeshuri (1/2 c'umunsi)
25 z'ukwa Gatatu (ku wa Gatatu)	Igihe c'amanota nyuma y'indwi 9 (Amanota y'ndwi 9 za kane) (iminsi 45)
	Impera y'igice ca kabiri (iminsi 92)
26 z'ukwa Gatatu (ku wa Kane)	Umunsi w'abayobozi (Abarimu barakora) – Umunsi wa nyuma ku Barimu
19 z'ukwa 6 ( ku wa Mungu)	Juneteenth- Ikiruhuko

## Kalendari mu ncamake

177 n'iminsi y'ishuri (hatarimwo iminsi bakoze amasaha arenze)

4 n'iminsi y'inama z'indongozi

2 n'iy'inama zitaba zarateganijwe

1 n'inama ya mwarimu n'umuvyeyi- amasaha yo kubonana (bompi hamwe mwarimu n'umuvyeyi)

6 n'iminsi y'inama z'abarimu zateganijwe

10 n'iyibiruhuko

200 ku mwaka

Dukurikije iyi Kalendari, amashuri ya Knox County ashobora gusiba iminsi igeze kuri (10) y'amashuri biturutse ku bihe n'ikirere bigenda bihinduka mbere yuko hagira iyisabwa kwishugwa.